АННОТАЦИ

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл (Дзæуджыхъæу: «Ир» - 2005, 208 ф.) Программæйы аразджытæ сты Джыккайты Шамил, Хъантемыраты Римма, Гуæздæрты Аза, Мамиты Изетæ.

Ирон литературæ ахуыр кæныны *сæйрагдæр нысантæ сты:* зонындзинæдтæ раттын ирон литературæйæ аивадон тексты бындурыл; литературон уацмыс анализ кæныны зонындзинæдтæ арфдæр кæнын; аивадон уацмыстæ кæсыны культурæ рæзын кæнын. Уыимæ стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусын, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонын; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонын; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнын; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарын; ирон адæмы национ культурæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурын.